



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$662.9 MILYON POU SISTÈM TRETMAN DLO PÒTAB
AK DLO IZE YO**

***Sibvansyon ak Prè ki gen Enterè Fèb, oswa Prè San Enterè yo Sipòte Pwojè
Enfrastrikti Dlo ki Enpòtan anpil Atravè New York yo***

***Li Konplemante Pwopozisyon Diskou Eta Leta Gouvènè a pou Envestisman \$2
Milya nan Enfrastrikti Dlo Pwòp la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administratif Kòporasyon Etablisman Anviwonmantal Eta New York la (New York State Environmental Facilities Corporation Board of Directors) te apwouve \$662.9 milyon nan sibvansyon ak prè ki gen enterè fèb oswa prè san enterè pou sipòte pwojè enfastrakti dlo ize ak dlo pòtab ki enpòtan anpil yo. Finansman sa a konplemante pwopozisyon Diskou Eta Leta Gouvènè Cuomo a pou envesti yon montan rekò \$2 milya nan enfastrakti dlo ki enpòtan anpil atravè Eta New York la yo avèk Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 la (Clean Water Infrastructure Act of 2017).

Gouvènè Cuomo te di: “Finansman sa a pral ede kominote atravè New York yo ranplase ak agrandi enfastrakti dlo yo, lè l ede yo depoze fondasyon pou kwasans ak pwosperite alavni. Envestisman sa yo sipòte vitalite rejyon sa yo epi li ede kreye yon New York ki pi solid ak pi an sante.”

Demann minisipal pou èd finansyè nan Kòporasyon Etablisman Anviwonmantal la (Environmental Facilities Corporation) pi wo pase avan, an pati akòz konsantrasyon renouvle sou pwoblèm enfastrakti dlo yo ak akòz pwomilgasyon Lwa sou Amelyorasyon Enfastrakti 2015 lan (Water Infrastructure Improvement Act of 2015). An 2016, nou te amande Lwa a pou double montan sibvansyon ki disponib yo soti nan \$200 milyon rive \$400 milyon. Menm avèk ogmantasyon nan finansman sa yo, demann lan depase òf la.

Lè nou rekòtè demann sa a, Bijè Egzekitif 2017-18 Gouvènè Cuomo a pral envesti yon montan san presedan \$2 milya nan enfastrakti dlo pwòp ak pwoteksyon kalite dlo yo.

Pwojè yo apwouve yo, k ap resevwa yon melanj sibavansyon ak prè, gen ladan yo:

Rejyon Kapital

- **Vil Ballston (Konte Saratoga)** – \$11 milyon (\$2.6 milyon sibvansyon NYS Water Grant lan ak \$8.4 milyon nan prè ki gen enterè fèb oswa prè san enterè) pou finanse depans ki asosye ak planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon yon sistèm Koleksyon Dlo Ize (Wastewater Collection System) ki gen ladan l ponp moulen yo, ranplase sistèm septik ki an plas sou tout rivaj lak Ballston Lake la ak yon nouvo estasyon pou fè dlo yo sikile ale nan entèseptè egou Konte Saratoga a.
- **Vil Schenectady (Konte Schenectady)** – \$24 milyon (\$5 milyon sibvansyon NYS Water Grant lan, yon prè ki gen zewo enterè \$15 milyon, ak \$4 milyon ki soti nan lòt sous) pou finanse depans ki asosye ak planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon Pwojè Atenyasyon Debòdman ak Amelyorasyon Egou Sanitè a (Sanitary Sewer Overflow Mitigation & Improvements Project).

New York Santral

- **Vilaj Hamilton (Konte Madison)** – \$13.5 milyon pou finanse depans ki asosye ak planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon yon seri amelyorasyon pou amenaje Izin Tretman Dlo Ize Vilaj Hamilton lan (Village of Hamilton Wastewater Treatment Plant).
- **Vil Oswego (Konte Oswego)** – \$5.9 milyon (\$1.4 milyon sibvansyon NYS Water Grant lan, ak yon prè ki san enterè \$4.5 milyon) pou finanse depans ki asosye ak planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amenajman nan sistèm egou sanitè Zòn Lwès Vil Oswego a (City of Oswego's West Side Sanitary Sewer System).
- **Vil Oswego (Konte Oswego)** – \$9.5 milyon (\$2.2 milyon sibvansyon NYS Water Grant lan ak yon prè ki san enterè \$7.3 milyon) pou finanse depans ki asosye ak planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon pwojè Separasyon Egou Zòn Lwès Vil Oswego a (City of Oswego's West Side Sewer Separation project).

Rejyon Lwès New York

- **Buffalo Sewer Authority (Konte Erie)** – \$14.2 milyon pou finanse depans ki asosye ak planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon Pwojè Rediksyon Debòdman Egou Kolektif yo (Combined Sewer Overflow Abatement Projects).

North Country

- **Vilaj Clayton (Konte Jefferson)** – \$6.2 milyon (\$3 milyon sibvansyon NYS Water Grant, ak yon prè ki san enterè \$3.2 milyon) pou finanse depans ki asosye ak amenajman sistèm dlo ansyen ki deja nan Vilaj la. Amenajman sa yo gen ladan l, men pa sèlman: ponp ak ranplasman kontwòl yo, ranplasman filtè yo, rekouvri rezèvwa estokaj la epi ranplase kondwit distribisyon yo.
- **Vilaj Gouverneur (Konte St. Lawrence)** – \$1.6 milyon pou finanse depans ki asosye ak planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon pwojè Konektè Egou Sanitè ak Separasyon Egou Kolektif nan ri Dorwin Street nan Vilaj Gouverneur la (Village of Gouverneur's Dorwin Street Sanitary Sewer Connector and Combined Sewer Separation project).

Mid-Hudson

- **Vil Cornwall-on-Hudson (Konte Orange)** – Yon prè ki gen enterè fèb \$1.7 milyon pou finanse depans ki asosye ak ogmantasyon kapasite pi Vilaj la pou

akomode fèmten akedik Catskill Aqueduct la, epi pou satisfè demann alavni nan Vilaj Cornwall-on-Hudson lan.

- **Vil Fallsburg (Konte Sullivan)** – Yon prè ki san enterè \$16.4 milyon pou refinanse prè akoutèm ki te fèt avan, ak \$5 milyon pou refinanse depans adisyonèl amenajman nan sistèm koleksyon yo, ak pou pwolonje echeyans finansman an.

- **Vil Kingston (Konte Ulster)** – \$3.4 milyon (\$2 milyon sibvansyon NYS Water grant ak yon prè ki gen enterè fèb \$1.4 milyon) pou finanse depans ki gen rapò ak enstalasyon nouvo transmisyon kondwit dlo yo, ranplasman valv yo pou izolasyon ak kontwòl ekoulman, ak enstalasyon yon doubli estriktirèl nan zòn vilnerab yo. Pwojè a konsène plizyè lokalite nan Vil Woodstock, Kingston, ak Ulster, New York.

- **Vilaj Wappingers Falls (Konte Dutchess)** – \$7 milyon (\$3 milyon sibvansyon NYS Water grant lan ak yon prè ki gen enterè fèb \$4 milyon) pou finanse depans ki gen rapò ak ranplasman distribisyon kondwit dlo yo, ansanm ak bouch ensandi yo, valv yo, ak koneksyon sèvis dlo nan kèk ri yo seleksyone nan Vilaj la. Reparasyon ak ranplasman wout, twotwa, ak bòdi nan ri ki la deja kote travay nan kondwit egou ak kondwit dlo yo ap fèt la nan Vilaj la; ak konstriksyon yon nouvo rezèwa estokaj dlo ki ka kenbe yon volim jiska 1,000,000 galon.

Vil New York

- **New York City Municipal Water Finance Authority (Otorite Finans Dlo Minisipalite Vil New York la)**– \$370 milyon pou finanse depans ki asosye ak 13 pwojè.

- **New York City Municipal Water Finance Authority** – yon prè ki gen enterè fèb \$177.1 milyon pou finanse travay ki asosye ak konsepsyon ak konstriksyon Izin Filtrasyon Croton lan (Croton Filtration Plant), ki konsepsyone pou kenbe yon kapasite maksimòm 290 milyon galon pa jou (Millions of Gallons per Day, MGD).

Croton Water Supply (Apwovizyonman Dlo Croton lan) se apwovizyonman ki pi ansyen ak ki pi piti pami twa sistèm yo (sistèm Croton, Catskill, ak Delaware la yo) ki founi dlo pòtab bay kominote Vil New York ak Rejyon Nò yo. Rezèwa sistèm Croton lan founi yon kapasite estokaj 86.6 milya galon, avèk yon rannman 240 milyon galon pa jou, oswa prèske 10 pousan demann an mwayèn pa jou Vil la ki se 1.4 milya galon pa jou.

Mohawk Valley

- **Vilaj Schoharie (Konte Schoharie)** – \$868,697 (\$289,569 nan fon Ajans Jesyon Ijans federal la (Federal Emergency Management Agency Funds), \$9,407 nan lajan asirans ak yon prè ki gen enterè fèb \$569,721) pou finanse depans ki asosye ak reparasyon, rekonstriksyon ak ramasaj/netwayaj debri nan izin tretman dlo ize ak etablisman koleksyon Vilaj Schoharie a yo

- **Vilaj Schoharie (Konte Schoharie)** – \$522,048 (\$410,132 nan Federal Emergency Management Agency Funds, \$40,112 lajan asirans, ak yon prè ki gen enterè fèb \$71,804) pou finanse depans rekonstriksyon estasyon ponp Fox Creek lan ak reparasyon kondwit transmisyon apwovizyonman dlo Dugan Hill la. Pwojè a gen ladan l tou nouvo kontè mezi dlo atravè tout Vilaj la yo.

Sabrina Ty, Prezidan ak PDG Kòporasyon Etablisman Anviwonmantal la (Environmental Facilities Corporation, EFC) te di, “Sou Gouvènè Cuomo, New York te pran yon angajman san presedan anvè enfrastrikti dlo pòtab ak dlo ize yo. Pwojè sa

yo non sèlman pwoteje anviwonman, yo sipòte djòb tou. Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 lan, mete ansanm ak èd EFC ap kontinye bay kominote Eta New York la yo, pral ranfòse ak sipòte enfrastrikti minisipalite yo ki anba pwojè pwoteksyon kalite dlo ki enpòtan anpil yo nan yon pri ki pi ba posib.”

Komisè DEC a (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos te di: “Gouvènè Cuomo rekonèt lyen ant enfrastrikti dlo ansyen New York la ak vitalite ekonomi kominote nou yo, an patikilye nan rejyon nò New York la. Anplis de sibvansyon Kòporasyon Etablisman Anviwonmantal yo ak prè yo te anonse jodi a yo, investisman istorik ki nan bidjè egzekitif 2017-18 Gouvènè a pral transfòme defi sa yo pou yo vin tounen opòtinite pou kominote yo lè yo kreye bon jan djòb ki peye byen pou rezidan lokal yo. New York envesti pou pwoteje kalite dlo ak ranfòse enfrastrikti dlo plis pase tout lòt eta nan peyi a. Atravè pwogram sibvansyon ak inovasyon sa yo, Gouvènè Cuomo rann li pi fasil pou lokalite yo fè amenajman nesèsè pou asire sistèm dlo yo founi Nouyokè yo bon dlo pòtab pou yo bwè ak pou lwazi yo.”

Komisè DOH la (Department of Health, DOH), Dr. Howard Zucker te di, “Kominote New York yo depann de enfrastrikti solid pou dlo pòtab yo bwè yo ak eliminasyon apwopriye dlo ize yo. Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 Gouvènè a pral agrandi investisman jodi a, pandan l ap kreye yon modèl nasyonal pou pwoteksyon dlo yo. Finansman sa a reprezante angajman Gouvènè Cuomo kontinye pran pou prezèvasyon apwovizyonman dlo yo atravè tout eta a, pou sipòte yon New York ki pi an sante.”

Kòporasyon Etablisman Anviwonmantal la (Environmental Facilities Corporation) envesti plis pase \$800 milyon chak ane pou finanse amelyorasyon kalite dlo atravè Fon Renouvlab Dlo Pwòp ak Dlo Pòtab Eta New York la (New York’s Clean Water State Revolving Fund and Drinking Water State Revolving Fund), ki se fon pi gran prè renouvlab ki pi aktif nan peyi a.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418